



Pou Piblikasyon Imedya: 20/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN PWOJÈ RESTORASYON WOUT POU MONTAN 32.4 MILYON DOLA SOU INTERSTATE 287 NAN KONTE WESTCHESTER**

***Nouvo reparasyon chose, bann ak jwenti yo pral amelyore rezistans epi fasilite depasman sou gwo atè transpò yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman yon pwojè 32.4 milyon dola ki pral pèmèt yo refè epi restore yon twonson 8.85 kilomèt sou Interstate 287 nan Konte Westchester, pou amelyore rezistans ak fasilite depasman sou youn nan atè vwayajè yo pi frekante nan Hudson Valley. Pwojè a pral repare jwenti wout yo, ajoute nouvo chose epi amelyore bann sou wout la nan seksyon otowout la – ke yo rele tou Cross Westchester Expressway – ant Westchester Avenue nan Vil Harrison ak US Route 1 nan Vil Rye. Pou minimize enpak trafik sou otowout enpòtan sa a, ki se yon lyen esansyèl pou otomobilis k ap vwayaje ant Pon Gouvènè Mario M. Cuomo ak Eta Connecticut, tout travay yo ap fèt lannuit.

"Investisman nan wout ak pon yo se investisman nan sante ak byennèt ekonomik eta nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè reparasyon sa a sou Cross Westchester Expressway la pral pèmèt ak plizyè dizèn milye vwayajè ki itilize otowout sa a fè depasman ki pi fasil epi amelyore dirabilite ak rezistans youn nan atè ki pi enpòtan nou yo pou sikilasyon machandiz ak komès."

Travay sou pwojè a ap kòmanse ete sa a ak reparasyon nan jwenti wout yo. Reparasyon wout la pral demare osito ke kondisyon tan pèmèt sa an 2025, avèk frezaj chose ki egziste sou otowout la ak tout ranp sòti ak antre nan kad pwojè a. Aprè sa, yo pral kouvri wout la ak yon melanj asfalt cho ki ranfòse ak fib. Kouvèti an asfalt ki ranfòse sa a dire pi lontan pase twotwa ki egziste deja a, ki pral minimize fisi epi pwolonje dire lavi twotwa a. Yo pral repare tou sistèm drenaj yo pou pi byen jere dlo lapli k ap koule epiyo pral ajoute bann enkriste yo konn mete sou twati, ak penti epoksi reflektif pou ogmante vizibilite mak twotwa yo pandan tanpèt yo, sa k ap ranfòse sekirite. Yo pral amelyore tou limyè sikilasyon yo ak ranp twotwa pou sòti ak antre ki toupre yo. Yo prevwa konstriksyon an ap fini nan sezon otòn 2025.

**Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation) a, Marie Therese Dominguez te deklare,** "Anba lidèchip Gouvènè Kathy Hochul, Eta New York ap

kontinye fè investisman istorik nan enfrastrikti ki pral kenbe kominote nou yo konekte epi pèmèt ekonomi nou an ap grandi. Avèk demaraj pwojè sa a pou amelyore Interstate 287, vwayajè yo nan Konte Westchester ka atann yo ak trajè ki pi fasil ak wout ki pi an sekirite pandan y ap deplase chak jou – tout bagay sa yo kontribiye nan yon pi bon kalite lavi epi fè Hudson Valley yon pi bon kote pou travay oswa vizite."

**Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare,** "Chak jou, plizyè milye moun itilize Cross Westchester Expressway pou ale lekòl, travay, randevou doktè, ak plis ankò, men otowout la bezwen reparasyon pou li kapab kontinye sèvi Westchester pou ane k ap vini yo. Kounye a, travay yo kòmanse pou nou ka pwoteje otowout enpòtan sa a epi mennen kominote nou yo nan yon avni ki pi an sekirite e ki pi rezistan. Lè nou repare jwenti wout yo, mete nouvo twotwa, ak amelyore bann yo sou wout la, yo, n ap bati fondasyon yon Westchester ki pi rezistan pandan n ap kreye travay ki byen peye. Mwen te goumen lontan pou gen investisman nan enfrastrikti New York epi mwen rekonesan pou travay Gouvènè Hochul ap fè nan asire sekirite ak rezistans Hudson Valley."

**Senatè Eta a, Shelly Mayer te deklare,** "Mwen kontan dèske konstriksyon ak reparasyon sou yon seksyon enpòtan I-287 nan Westchester te kòmanse. Pandan ane yo, mwen te tande yon kantite otomobilis ki t ap pale konsènan kondisyon ki pa sekirite sou wout la ak jan li difisil pou deplase sou li san devye pou evite twou. Kòm youn nan wout ki pi frekante nan rejyon an, kote anpil moun konte sou li pou ale travay ak wè fanmi yo, li dwe an sekirite epi fyab. Gwo amelyorasyon sa a pral ede chofè yo anpil, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Depatman Transpò a (Department of Transportation, DOT) pou atansyon yo pote pou amelyore wout yo nan konte nou an."

**Manm Asanble Steven Otis te deklare,** "Sa ase yon seksyon enpòtan nan I-287 ki kouvri kote Cross Westchester Expressway rankontre I-95. Restorasyon wout ak plis vizibilite bann yo pandan tanpèt yo vize pou kenbe fasilite sikilasyon epi evite reta. Anplis de sa, DOT Eta New York la te fè prèv li sou konsepsyon pwojè ki pèmèt yo kenbe sikilasyon pandan konstriksyon an ak fini travay nan chak seksyon pi vit posib. Pwojè enfrastrikti wout yo enpòtan anpil pou kenbe sistèm wout ak pon nou an. Mèsi ak DOT Eta New York la ak Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl yo nan enfrastrikti transpò ak travay avèk kominote nou yo nan kad pwojè sa a."

**Manm Asanble Chris Burdick, te deklare,** "Nou trè rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Depatman Transpò paske yo investi nan Interstate 287. Enfrastrikti nou an enpòtan anpil pou kominote nou yo e pwojè sa a nesèsè anpil. Mwen espere wè plis pwojè sa yo pou Konte Westchester nan ane k ap vini yo, paske rezidan nou yo ak biznis nou yo konte anpil sou otowout nou yo ak wout lokal nou yo isit la nan katye yo."

**Kad Egzekitif Konte Westchester, George Latimer, te deklare,** "Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip li ak vizyon li pou twonson 8.85 kilomèt sa a nan Interstate 287, yon gwo atè nan Konte Westchester. Restorasyon wout sa pou montan 32.4 milyon dola a pral pèmèt yo gen twotwa ki pi dirab ak sistèm drenaj ki amelyore pou pi byen jere tanpèt ki gen rapò ak move tan, finalman pwolonje dire lavi Interstate la

pou lontan alavni. Rezidan yo ak vizitè yo nan Westchester pral benefisye anpil lè pwojè sa a fini nan sezon otòn 2025 la."

### **Enfòmasyon sou Depatman Transpò**

Se misyon Depatman Transpò Eta New York pou founi yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekitab, ak rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an, epi sipòte byennèt ekonomik Eta New York.

Lavi yo andanje; ralanti epi mete nou sou kote pou travayè otowout yo!

Pou plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [X](#) oswa [Instagram](#), oswa vizite [sitwèb](#) nou an. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite [www.511NY.org](#) oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)

Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](#) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)